



## Gid Aplikasyon | Fon Bousdetid Gatehouse Management, Inc. 2022

**DAT LIMIT: Jedi, 31 Mas 2022 nan 4pm**

**Notifikasyon Prim: Lendi, 25 Avril 2022**

**Montan Prim lan: jiska \$10,000**

**Kantite Prim pou 2022: jiska 4**

### Istwa

Pou plis pase trant ane, The Gatehouse Group of Companies te yon lidè nan endistri a nan zafè devlopman ak jesyon kominote apatman. Chak pwopriyete Gatehouse reprezante envestisman yo nan kominote a ak angajman yo pou travay selon kad ak dezi katye a. Avèk angajman sa, Gatehouse Management, Inc. te etabli yon fon bousdetid nan Miami Foundation pou ede rezidan yo reyalize opòtinite edikasyon apre lekòl segondè pou pitit yo.

Fon an reflekte objektif konpayi an ki se pou li gide pa valè, anndan ansanm ak deyò, epi bati relasyon solid ak kominote yo ak rezidan yo. Pwogram lan finanse pa Gatehouse Management, Inc. e li administre pa Miami Foundation, yon patnè ki pral kolekte ak revize aplikasyon yo poukont yo, fè seleksyon ak bay prim. Gatehouse Management, Inc. pa patisipe nan desizyon pou apwouve oswa rejte aplikasyon rezidan li yo. Fon bousdetid Gatehouse ManaGement lan pral bay jiska \$10,000 pa ane pou yon bousdetid kat ane.

### Soumisyon + Dat Limit la

- Aplikasyon yo dwe soumèt yon aplikasyon atravè Portal Bousdetid Fondasyon Miami. Pou jwenn aksè nan pòtal sou entènèt la, [klike la a](#), enskri pou yon kont, epi tape kòd aksè Gatehouse ba w la nan kwen anlè adwat paj 'Aplike' la.
- Si yon aplikasyon manke enfòmasyon, Fondasyon an **pa** pral enfòmè aplikan an ni revize aplikasyon an. Yo p ap aksepte aplikasyon pa lapòs, imèl oswa pa faks.
- Aplikasyon yo dwe soumèt sou entènèt **disi Mèkredi, 31 Mas 2022**.

### Kalifikasyon

Pwogram bousdetid la ouvè a moun ki satisfè kritè sa yo:

- Viv nan/gen yon paran oswa gadyen legal ki abite nan yon kominote Gatehouse Group nan Konte Miami-Dade
- Demontre yon enterè nan edikasyon siperyè, patisipasyon nan sèvis lekòl ak/oswa kominotè
- Moun ki gradye lekòl segondè ke yo aksepte nan yon inivèsite pou yo ka pouswiv lisans yo, yon diplòm etid siperyè oswa yon sètifikasyon lekòl teknik\*
  - Yon moun ki gradye dwe gen yon mwayèn pwen (grade point average) 3.0 oswa pi wo
- Moun ki genyen prim yo ap kalifye pou aplike pou jiska twa sibvansyon an plis si yo rete nan inivèsite yo a epi kenbe yon mwayèn minimòm nòt (grade point average) 3.0 oswa pi wo a plen tan selon definisyon inivèsite a

\*Gatehouse envesti nan ede aplikan yo pouswiv karyè yo chwazi yo. Pwogram sètifikasyon pwofesyonèl ki elijib yo enkli lekòl avyasyon, lekòl kosmetoloji, lekòl mekanisyon oto, elatriye. Si w pa sèten si pwogram ou an elijib, kontakte Grace Torres nan [gtorres@miamifoundation.org](mailto:gtorres@miamifoundation.org) pou plis enfòmasyon.

## **Kritè Seleksyon**

Yon Komite Konsiltatif Bousdetid pral revize epi evalye aplikasyon yo epi pran desizyon final sou prim bousdetid yo. Yo pral konsidere kritè sa yo lè y ap evalye aplikan yo:

- Kesyon Disètasyon yo
- Pèfòmans Akademik
- Bezwen Finansye
- 1 Lèt Rekòmandasyon



### Fon Bousdetid Elèv Gatehouse Group 2022

Dat limit: **Jedi, 31 Mas 2022 nan 4pm**

Sa a se yon modèl aplikasyon an ki montre enfòmasyon ou pral bezwen soumèt sou entènèt la. Yo pap aksepte aplikasyon pa lapòs, imèl oswa pa faks. Sèvi ak sa a kòm yon fèy travay pou sanble enfòmasyon ou pral bezwen bay sou entènèt la.

Nou rekòmande ke ou ranpli tout kesyon ki gen yon limit sou kantite karaktè nan yon pwogram tretman tèks avan, prete anpil atansyon a limit sou kantite karaktè a - ki gen ladan espas - epi après a kopye epi kole repons ou yo nan aplikasyon sou entènèt la.

#### Enfòmasyon Pèsonèl:

Siyati:	Non:	Dezyèm Non:
Dat Nesans:		Sèks:
Adrès:		
Nimewo Telefòn Prefere:		
Adrès Imèl:		
Èske wap viv kounye a nan yon kominote Gatehouse Group? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non, men mwen gen yon paran/gadyen legal kap viv nan youn		
Si Non, kilès nan moun sa yo ki nan yon kominote Gatehouse Group? <input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Gadyen legal		
Tanpri bay adrès paran/gadyen legal la:		

#### Lekòl + Enfòmasyon Akademik:

Kounye a mwen enskri nan: <input type="checkbox"/> Lekòl Segondè <input type="checkbox"/> Kolèj/Inivèsite <input type="checkbox"/> Pwogram Sètifikasyon Teknik	
Lekòl segondè ou ladan l kounye a oswa te gradye ladan l lan:	Ane Gradyasyon:
Elèv dènye ane <b>lekòl segondè yo</b> : Inivèsite ou gen entasyon ale ladan lan:	
Estat akseptasyon: <input type="checkbox"/> Aksepte <input type="checkbox"/> Annatant	
Kisa w gen entasyon etidye nan inivèsite oswa lekòl teknik lan:	
Moun ki <b>gradye lekòl segondè yo</b> : Inivèsite ou enskri ladan l lan:	
Diplòm Inivèsite oswa sètifikasyon teknik w ap pouswiv:	
Kantite ane ki rete avan w gradye oswa fini:	
GPA Aktyèl:	

#### Enfòmasyon Finansyèl:

Konbyen lajan pou w peye pou lekòl, liv ak frè pou chak ane nan kolèj/inivèsite oswa pwogram ou gen entasyon enskri ladan l lan nan pwochen ane akademik la ye? \$ \_\_\_\_\_

Èske w ap gen lòt depans pou chanm ak pansyon? Wi / Non Si Wi, konbyen pa ane? \$ \_\_\_\_\_

Tanpri bay yon estimasyon revni anyèl tout fanmi ou ansanm: \$ \_\_\_\_\_

Kantite moun ki nan kay la: Adilt ki gen 18 tan oswa plis \_\_\_\_\_ Timoun ki gen mwens ke 18 tan \_\_\_\_\_

Èske ou te soumèt yon FAFSA 2022-23 (Aplikasyon gratis pou Èd Federal pou Elèv)? Wi / Non

Si wi, tanpri TELECHAJE Rapò FAFSA 2022-23 Èd pou Elèv ou an

Èske ou te resevwa yon Lèt Prim Èd Finansye nan men kolèj/ inivèsite/pwogram ou konte ale ladan li a? Wi / Non

Si wi, tanpri TELECHAJE Lèt Prim ou an

Èske ou te aplike pou/resevwa lòt fòm èd finansye (Sibvansyon, Bousdetid, Lajan Prete, elatriye)? Wi / Non

Si wi, tanpri fè lis sa yo te akòde w oswa ki annatant.

Non Èd Finansye a	Montan	Estati: (Akòde / Annatant)
	\$	
	\$	
	\$	
	\$	

### Kesyon Disètasyon:

Kesyon sa yo pral ede komite seleksyon an aprann kiyès ou ye, aspirasyon ou yo ak kisa ki motive ou. Tanpri bay repons ki otantik. Gen yon limit karaktè 1,250, ki gen ladan espas, pou chak kesyon.

- 1. Istwa ou:** Pale nou de fanmi w ak kominote Gatehouse Group kote w soti a, kisa ki fè yo inik ak kijan yo te fasone lavi ou.
- 2. Aspirasyon:** Pale nou de aspirasyon ou alavni sètadi ki tip karyè ak vi ou vle genyen ak ki kalite moun ou vle devni. Ki obstak ki bare chemen ou?
- 3. Pèseverans:** Pale nou de yon defi ou te fè fas pou ou reyalize yon objektif ki enpòtan pou ou. Kisa ou te aprann ki ka ede ou simonte obstak alavni yo ak reyalize objektif ou yo?
- 4. Sèvis Kominotè:** Pataje yon egzanzp sou fason ou te remèt kominote ou a sa li te fè pou ou a ki vle di anpil bagay pou ou patikilyèman.

### Lòt Dokiman Sipleman tè obligatwa yo dwe telechaje sou entènèt ansanm ak aplikasyon an:

- **Lèt Akseptasyon (si sa aplikab):** Tanpri soumèt nan fòm PDF yon kopi lèt akseptasyon ou a ki soti nan kolèj/inivèsite oswa pwogram ou gen entansyon enskri ladan li an.
- **Lèt Rekòmandasyon:** Tanpri bay yon Lèt Rekòmandasyon. Telechaje antake yon sèl dokiman PDF. Lèt la ta dwe pale de karaktè ou ak fòs prensipal ou yo.
- **Relve Nòt ki pa ofisyèl:** Tanpri telechaje yon relve nòt ki pa ofisyèl antanke yon sèl PDF. Pa voye relve nòt la apa.

**Lòt:** Kijan ou te fè tande pale de opòtinite bousdetid sa a?

### Sètifikasyon: Lè ou soumèt aplikasyon an sou entènèt ou sètifye bagay sa yo:

- 1. Deplasman Èd Finansye:** Mwen konprann ke yon prim nan moman sa a kapab afekte pake èd finansye kolèj oswa inivèsite mwen bay la. Mwen sètifye ke mwen te konsilte avèk Biwo Èd Finansye lekòl mwen an pou kolekte nenpòt enfòmasyon enpòtan pou asire ke si mwen ta resevwa yon prim li pa pral diminye kantite lajan lekòl mwen an tap kontribye anba pake èd li yo
- 2. Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ki sou fòm sa a vrè epi konplè dapre sa mwen konnen.** Si nenpòt ofisyèl otorize nan Miami Foundation mande li, mwen dakò pou m bay dokiman pou enfòmasyon mwen bay sou fòm sa a. Mwen reyalize ke prèv sa a ka gen ladan yon kopi deklarasyon taks Etazini. Mwen reyalize ke si mwen pa konfòme m a yon demann pou plis enfòmasyon sa ka anpeche yo konsidere aplikan an. Mwen konprann ke enfòmasyon finansye yo pral konfidansyèl, pou sèlman Miami Foundation ak komite seleksyon an revize yo.